



Cheryl Lawrence, MD, FAAP
Medical Director

Jiyè 2020

Office of School Health
42-09 28th St.
Queens, NY 11101-4132

Chè Paran oswa Responsab Legal,

Vil New York te mete ajou egzijans vaksinasyon lekòl la pou ane akademik 2020-2021 an. Gen yon lis egzijans pou 2020-2021 nan lèt sa a. Anvan ane akademik la kòmanse, ou dwe soumèt prèv vaksinasyon pou pitit ou si yo prale nan gadri oswa lekòl.

Tout elèv soti nan gadri rive nan klas 12yèm ane dwe satisfè kondisyon pou:

- Vaksen DTaP (difteri-tetanòs-koklich), polioviris, MMR (lawoujòl-malmouton-ribeyòl), varisèl ak epatit B.

Timoun ki poko gen 5 an ki enskri nan gadri ak klas prematènèl (pre-K) dwe satisfè kondisyon pou:

- Vaksen Hib (*Haemophilus influenza* tip B) ak PCV (nemokòk konjige).
- Vaksen influenza (grip) la: Timoun yo dwe resevwa vaksen kont grip la anvan 30 desanm 2020 (de preferans, lè li vin disponib nan kòmansman otòn).

Timoun ki nan klas 6yèm jiska 12yèm ane yo dwe satisfè kondisyon tou pou:

- Vaksen rapèl Tdap la ak MenACWY (konjige menengokòk).

Gade dosye vaksinasyon pitit ou a ak pwofesyonèl swen sante timoun ou. Pwofesyonèl swen sante li a ka di ou si ou bezwen youn oswa plis vaksen pou pitit ou kapab ale lekòl ane akademik sa a.

Si ou gen kesyon sou egzijans 2020-2021 sa yo, tanpri kontakte sant gadri oswa biwo administratif lekòl ou a.

Ak tout kè mwen,

Cheryl Lawrence, MD, FAAP
Direktè Medikal
Biwo Sante Lekòl
(Office of School Health)

Èske Timoun ou an Pare pou Gadri oswa Lekòl?

Ane Akademik 2020-2021

Jwenn enfòmasyon sou vaksinasyon ki obligatwa nan Vil New York yo.

Tout elèv nan Vil New York ki gen 2 mwa rive 18 tan dwe pran vaksen annapre la yo pou yo ale nan gadri oswa lekòl. Gade ki vaksen timoun ou an bezwen selon nivo klas li pou ane lekòl sa a.

VAKSINASYON	Prematènèl (Gadri, Head Start, Matènèl, 3K oswa Pre-k)	Matènèl jiska Klas 5yèm Ane	Klas 6yèm jiska 11yèm Ane	Klas 12yèm Ane
Difteri, Tetanòs ak Koklich (DTaP)	4 dòz	5 dòz oswa 4 dòz SÈLMAN si timoun nan te resevwa katriyèm dòz la lè li te gen 4 ane oswa plis oswa 3 dòz SÈLMAN si timoun nan gen 7 an oswa plis epi seri a te kòmanse nan laj 1 ane oswa plis	3 dòz	
Rapèl Tetanòs, Difteri ak Koklich (Tdap)			1 dòz (a 11 zan oswa apre sa)	
Polyo (IPV oswa OPV)	3 dòz	4 dòz oswa 3 dòz si li te resevwa twazyèm dòz la nan laj 4 an oswa plis		
Lawoujòl, Malmouton ak Ribeyòl (MMR)	1 dòz	2 dòz		
Epatit B	3 dòz	3 dòz	3 dòz oswa 2 dòz vaksen Epatit B (Recombivax HB) si li te resevwa dòz la omwen 4 mwa apa ant laj 11 ak 15 zan	
Varisèl (Saranpyon)	1 dòz	2 dòz		
Konjige Menengokòk (MenACWY)			Klas 6yèm Ane: Pa konsène mwen Klas 7yèm – 11yèm Ane 1 dòz	2 dòz oswa 1 dòz SÈLMAN si li te resevwa 1ye dòz la nan laj 16 an oswa plis
Haemophilus Influenzae Tip B Konjige (Hib)	1 a 4 dòz Toudepan laj timoun nan ak dòz li resevwa deja			
Konjige Nemokòk (PCV)	1 a 4 dòz Toudepan laj timoun nan ak dòz li resevwa deja			
Influenza / Grip	1 dòz			

Kantite dòz vaksen timoun ou an bezwen gendwa diferan dapre laj li ak dòz vaksen li te resevwa anvan sa. Timoun ou an gendwa bezwen lòt vaksen oswa dòz vaksen anplis si li gen sèten pwoblèm sante. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou si ou gen kesyon. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **311** oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **“student vaccines” (vaksen elèv)**.



Department of Health & Mental Hygiene

Department of Education